

AdventHealth Bolingbrook; AdventHealth GlenOaks; AdventHealth Hinsdale;
AdventHealth LaGrange; Travay doktè nan zòn sèvis Chicago

Rezime Politik Èd Finansye

AdventHealth, an patikilye ministè sante ki enimerè anwo a, pran angajman pou respekte diyite chak moun, pou bay yon atansyon patikilye ak moun k ap simonte obstak pou jwenn sèvis sante yo. AdventHealth pran angajman tou pou jere resous swen sante li yo tankou yon sèvis pou tout kominote a. Pou aplike prensip sa yo, AdventHealth bay èd finansye pou kèk moun ki resevwa swen ijans oswa lòt swen medikalman nesèsè yo nan men AdventHealth. Rezime sa a bay yon kout apèsi sou politik èd finansye AdventHealth la.

Kiyès ki Elijib?

Ou ka jwenn èd finansye si w abite nan Illinois. Yo souvan detèmine èd finansye ak revni total kay ou an parapò ak nivo povrete federal la.

- Si revni ou a anba oswa egal a 250% nan nivo povrete federal la, ou ka resevwa yon dediksyon 100% pou swen charite nan pati depans ou responsab la.
- Si ou pa gen asirans epi revni ou an pi wo pase 250% nan nivo povrete federal la men li pa depase 600% nan nivo povrete federal la, ou ka benefisye rabè sou yon echèl gradyèl.
- Si ou pa gen asirans epi revni ou an pi wo pase 250% nan nivo povrete federal la men li pa depase 400% nan nivo povrete federal la, ou ka benefisye rabè sou yon echèl gradyèl.
- Si ou gen yon dèt medikal pou swen ijans ak swen medikalman nesèsè ki depase 20% nan revni ou, ou ka benefisye yon rabè.

Si ou gen aktif ki depase 600% kantite revni ou nan nivo povrete federal la ou gen posibilite pou w pa kalifye pou èd finansye. Pasyan ki kalifye pou èd finansye a p ap peye anyen anplis pou swen elijib pase kantite yo konn mande yo peye ak pasyan ki gen asirans yo.

Ki Sèvis Ki Kouvri yo?

Politik Èd finansye a aplike pou swen ijans ak lòt swen medikal nesèsè. Tèm sa yo defini nan Politik Èd Finansye a. Politik Èd Finansye a pa kouvri tout lòt swen yo.

Kijan Mwen Ka Aplike?

Pou aplike pou èd finansye a, ou dwe ranpli nòmalmman yon demann alekri epi bay dokiman sipò, menm jan sa dekri nan Politik Èd Finansye a ak aplikasyon pou Politik Èd Finansye a.

Kijan pou Mwen Jwenn Èd ak yon Demann?

Pou jwenn èd konsènan Politik Èd Finansye a, ou ka kontakte AdventHealth lè w rele nan 844-652-0600, pa imèl nan GLR.CustomerService@AdventHealth.com, oswa ekri nan

AdventHealth PFS
Atansyon: Depatman Èd Finansye
1000 Remington Blvd., Suite 110
Bolingbrook, IL 60440

Kijan Mwen Ka Jwenn Plis Enfòmasyon?

Kopi Politik Èd Finansye ak fòm demann Politik Èd Finansye a disponib nan <https://www.adventhealth.com/legal/financial-assistance-illinois> epi nan ministè sante ki site anwo yo. Ou ka jwenn kopi Politik Èd Finansye a gratis ak demann Politik Èd Finansye tou pa imèl lè w ekri nan adrès ki site anwo a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Politik Èd Finansye a, tanpri vizite GLR.CustomerService@AdventHealth.com oswa rele nan 844-652-0600.

Kisa K ap Pase Si Mwen Pa Elijib?

Si ou pa kalifye pou èd finansye dapre Politik Èd Finansye a, ou kapab kalifye pou lòt kategori èd. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte AdventHealth nan telefòn nan 844-652-0600; oswa pa imèl oswa alekri, menm jan sa dekri anwo a.

Tradiksyon Politik Èd Finansye a, demann ak enstriksyon Politik Èd Finansye a, ak rezime sa a langaj ki klè yo disponib nan lang sa yo sou sitwèb nou yo epi si w mande:

English; Español (Spanish); Polski (Polish); Tagalog (Filipino); 简体中文 (Simplified Chinese); 漢語 (Traditional Chinese); 한국어 (Korean); Deutsch (German); اُردُو (Urdu); ગુજરાતી (Gujarati); Русский (Russian); Italiano (Italian); हिंदी (Hindi); Français (French); Ελληνικά (Greek); Tiếng Việt (Vietnamese); 日本語 (Japanese); Srpski (Serbian); ภาษาไทย (Thai); Kreyòl (Haitian Creole); босански (Bosnian); ភាសាខ្មែរ (Khmer); Hrvatski (Croatian); فارسی (Farsi); العربية (Arabic)